ФIФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№148-149 (22.557) ● 2013 гъэм шыщхьэIум (августым) и 1, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## «Адыгэ псалъэм» и лъэбакъуэщIэ

ПЩIЭ зыхуэтщI ди газетеджэхэ! Нобэ щыщIэдзауэ «Адыгэ псалъэм» и япэ, иужь напэкIуэцIхэр махуэ къэс щхъуэкIэплъыкIэу къыдэкIынущ. Ар фэркIи редакцэм и лэжьакIуэхэм ди дежкIи хъыбарыфIщ. Газетыр къызэрыунэхурэ нэхъыбэу ар зытета хужь-фIыцIафэм дыкъокIри, къытеддзэ сурэтхэм я плъыфэ дыдэр къэзыгъэлъагъуэ щытыкIэм иджы дохьэ.

Пэжщ, нэхъапэми ди газетыр плъыфэ куэдкIэ къыдэкIыу щытащ. Арщхьэк1э апхуэдэу щытхузэфIэкIыр япэщIыкIэ махуэшхуэхэм, иужькIэ - зыгъэпсэхугъуэхэм ирихьэлIэ къыдэкIыгъуэхэрт. Иджы махуэ къэси а щытыкIэм дитынущ. Абы къегъэлъагъуэ лъэпкъ газетым зэрызиужьыр, къэкIуэну дахэ зэриIэр.

Аращи, «Адыгэ псалъэм» лъэбакъуэщIэ, лъэбакъуэ дахэ ичащ. Ар куэдкIэ я фIыгъэщ сыт щыгъуи зи нэIэ дыщIэт Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм, Парламентым, Правительствэм абы текIуэдэну мылъкур къызэрытхуаутIыпщам, ди гугъуехьхэр зыхащIэу зыкъытщIагъэкъуэну зэрыхьэзырым. Дыщогугъ абдежми дыкъыщызэтемыувыIэну икIи ди газетым и напэкIуэцI псори нэр зыгъэгуфIэ, нобэрей махуэм и зыужьыныгъэм пэджэж плъыфэ куэдкIэ къыдэгъэкIыным мыгувэу дыхунэсыну.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

## Мардэхэр ягъэув

**КъБР-м ЭнергетикэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкIэ и министерствэр хэтащ цIыхухэм хуащIэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэм земыгъэIэтыным икIи псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ электроэнергетикэмрэ я IуэхущIапIэхэр 2013 - 2014 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырыным теухуа урысейпсо селектор зэIущIэм.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Козак Дмитрий** къыхигъэщхьэхукIащ илъэс къэс цIыхухэм ику иту ятыр процентi 6-м, бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ процент 12-м щIемыгъэгъуным хуэунэтIауэ УФ-м и Президентым пщэрылъ ящищIахэр УФ-м и щIыналъэхэм я нэхъыбэм зэрыщагъэзэщIар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр щыщхьэдэхакъым дэтхэнэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэ лIэужьыгъуэми папщIэ зыфIэкI мыхъуну ягъэува мардэхэми псори зэхэту ЖКУ-хэм нэхъыбэ дыдэу щIатыну ягъэувахэми. КъБР-м уасэхэр щынэхъ мащIэщ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округми Ипщэ федеральнэ округми щызекIуэ уасэхэм елъытауэ.

Вице-премьер Уянаев Казым и унафэм щIэт республикэ комиссэр а Iуэхуми 2013 - 2014 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыным егъэщIылIа лэжьыгъэр зэрекIуэкIми кIэлъоплъ. ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ энергетикэмрэ я IуэхущIапIэ псоми яIэн хуейщ ахэр гъэплъыгъуэ зэманым зэрыхуэхьэзырыр къэзыгъэлъагъуэ тхылъ. Ар зыхуэгъэзар, нэхъапэхэми хуэдэу, КъБР-м бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэр тэмэму къызэринэкIынырщ.

КъБР-м энергетикэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Бэлагъы Борис** и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, зэIущIэм щызэрагъэпщащ IуэхущIапIэхэмрэ псэупIэхэмрэ 2013 - 2014 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуагъэхьэзырым теухуауэ УФ-м и щIыналъэ псоми къикI хъыбархэр. Ику иту процент 40,7-м зыхуэгъэхьэзырауэ къыщIэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым а бжыгъэр процент 60,2-рэ щохъу.

«УФ-м ЩIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къытрыригъэдзащ щIыпIэхэр а зэманым зэрыхуэхьэзырым и рейтингыр. КъБР-р псэупIэхэмрэ хуабэ зэрыкIуэ бжьамийхэмрэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырымкIэ щIыналъэхэм я рейтингым щыпашэщ, ауэ еплIанэ увыпIэрщ иIыгъыр кхъахэ хъуа, зэхэкъута псыжапIэ бжьамийуэ зэрахъуэкIамкIэ», - жиIащ Бэлагъым.

Козак Дмитрий зэIущIэм хэтхэр къыхуриджащ фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэным и Iуэхухэм цIыхухэр нэхъ куэду хашэну. «ЦIыхухэр псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм и IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм жыджэру кIэлъымыплъмэ, абы къэралыр пэлъэщынукъым», - къыхигъэщхьэхукIащ вице-премьерым. Абы къелъытэ псэупIэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр гъэтэмэмыным кIэ яIэ хуитыныгъэхэмрэ я пщэ дэлъ къалэнхэмрэ цIыхухэм нэхъ куууэ ягурыгъэIуэн хуейуэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым Жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ щIыналъэ центр къыщызэIуахащ. Абы махуэ къэс цIыхухэм къыщедэIуэнущ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэм епхауэ щIэмыарэзы щыIэмэ, тхьэусыхафэхэр зэхигъэкIынущ, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэм лъабжьэншэу хагъахъуэу идэнукъым. ЭнергетикэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкIэ министерствэм «линие пщтыр» телефоныр щолажьэ: **42-60-47**.

*КъБР-м ЭнергетикэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.*



**Астрэхъэн, Волгоград областхэм, Дагъыстэн, Ингуш, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм щыщ лIыкIуэ 90 хэтащ «Кавказ» санаторэм щекIуэкIа спартакиадэм. Зэхьэзэхуэр «Сабий спорт» парт проектым ипкъ иткIэ къызэригъэпэщащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм.**

● Зэхьэзэхуэ

## Ныбжьэгъугъэр ягъэнэхъапэ

ЗЭПЕУЭМ хэтхэр махуиплIкIэ ерыщу хущIэкъуащ спартакиадэм и Кубокымрэ медалхэмрэ къэхьыным. ЦIыху 15 дэтхэнэми хэту гупи 6-р волейболкIэ, футболкIэ, кIапсэ зэпекъункIэ зэпеуащ.

Псом нэхърэ нэхъ гукъинэж зэхьэзэхуэу щытащ КъБР-мрэ Ингушымрэ щыщ гупхэр иужьрейуэ футбол зэрызэдэджэгуар. Дэтхэнэри хуейтэкъым текIуэныгъэр адрейм иритыну. Сабий джэгукIэ узэджэ мыхъун зэпэщIэтыныгъэр ерыщу екIуэкIащ. Ауэ, дауэ мыхъуми, бысымхэр нэхъ шэрыуэу къыщIокIри, зэIущIэр 4:1-уэ иухащ.

Санаторэм зыщызыгъэпсэху ныбжьыщIэ псори кърихьэлIат спартакиадэр щызэхуащIыж пщыхьэщхьэм. КъБКъУ-м и студентхэр зыхэта концерти абдеж щекIуэкIащ.

Зэпеуэм и лIэужьыгъуищми зэрыхэтар къалъытэри, Дагъыстэным къикIа гупым жэз медалыр хуагъэфэщащ, абыхэм очкои 2-кIэ япэ ищащ етIуанэ увыпIэр къэзыхьа ингушхэр, япэ увыпIэр иратащ КъБР-м и гупым, «Урысей зэкъуэт» партым и Кубокыр зылъысари ахэращ.

КъахэжаныкIа щIалэхэм щIыхь тхылъхэмрэ медалхэмрэ щхьэхуэу иратащ, апхуэдэуи волейбол, футбол зэхьэзэхуэхэм нэхъ жыджэру зыкъыщызыгъэлъэгъуахэм партым и саугъэтхэр хуагъэфэщащ.

КъШР-м, Астрэхъэн, Волгоград областхэм къикIа хьэщIэхэри гулъытэншэу къагъэнакъым. «Кавказ» санаторэм и унафэщI Къардэн Алик абыхэм щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ яхуигуэшащ.

Ингуш Республикэм къикIа гупым щыщ Гаракоев Микэ зэрыжиIамкIэ, зэхьэзэхуэм гукъыдэж къаритащ, нэгъуэщI республикэхэм щыщхэр ныбжьэгъу къахуэхъуащ. «Саугъэтхэмрэ тыгъэхэмрэ куэдрэ дигу къагъэкIыжынущ спартакиадэм дызэрыхэтамрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызыщыдгъэпсэхуамрэ», - жиIащ Микэ.

**ШЫПШ Даянэ.**

● Селигер-2013

## УнэтIыныгъэхэм я пIалъэр

**Тверь областым щыIэ Селигер гуэлым и Iуфэм бадзэуэгъуэм и 14-м щегъэжьауэ шыщхьэIум и 5 хъуху щокIуэкI «Селигер-2013» щIалэгъуалэ зэхыхьэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы хэтщ ныбжьыщIэ 44-рэ.**

ЗЭХЫХЬЭМ хэтынухэм гупищу загуэшащ: япэу Селигер щыIащ «ЩIалэгъуалэ проектхэм я форум» унэтIыныгъэмкIэ лажьэхэр, етIуанэ зэхуэсым хэтахэр «Iуэху зезыхьэхэращ», ещанэр «Граждан форум»-м къызэщIиубыдэхэращ. Иужьрейхэращ иджы зэхуэсыр. Абы я проектхэр щагъэлъэгъуэнущ ди лъахэгъу ныбжьыщIэ 20-м.

Япэ зэхыхьэм хэта, Налшык къалэ щыщ Елей Алим Селигер щигъэкIуа махуэхэр гуапэу игу къинэжащ, куэд ныбжьэгъу къызэрыхуэхъуамрэ цIыху цIэрыIуэхэм зэраIущIамрэ топсэлъыхьыж. «Абы щекIуэкI псори хуабжьу сигу ирохь. Иджы ещанэу сыхэтащ а Iуэхум. Лэжьыгъэм, къыхэпха унэтIыныгъэм и пIалъэр щызэбгъащIэ утыку хъарзынэщ ар», - жеIэ Алим. Елейм мы гъэм Селигер щигъэлъэгъуащ торакоскопическэ, эндоскопическэ операцэ ящIа нэужь, зэрадыж Iэмэпсымэхэр зэпкърылъхьэным теухуа проект.

Елей Алим щIэныгъэ статья куэд къытрыригъэдзащ, урысейпсо зэпеуэ куэдым щытекIуащ, дунейпсо конференцхэм хэтщ, апхуэдэуи «Open Innovations» фIащауэ Москва щекIуэкI дунейпсо зэпеуэм и зы унэтIыныгъэм пашэ щыхъуауэ щытащ. ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэр абдеж къыщыувыIэну и мурадкъым. «ТекIуэныгъэ гуэр зыIэрызгъэхьэху, нэхъыбэжым сытрегъэгушхуэ. Зи яужь ситыр сигу ирохь икIи си фIэщ мэхъу си IуэхущIафэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыналъэхэми сэбэп зэрахуэхъунур», - къыддогуашэ Елейр.

**ПЩЫГЪУЭШ Iэсият.**

● ЗекIуэ

## Осетинхэр я гъусэу гъуэгу тохьэ

**Ростов областым хыхьэ Мартыновскэ районым кIуэну дыгъуасэ ежьащ Урысейм и ДОСААФ-м и къудамэу КъБР-м щыIэм къызэригъэпэща автоколоннэр.**

АВТОЗЕКIУЭР теухуащ Хэку зауэшхуэм и зэманым Ростов зи псэр щызыта 115-нэ шууей дивизэм. Ди лъахэгъухэм гъусэ яхуэхъуащ ДОСААФ-м и къудамэу Осетие Ищхъэрэ - Аланием щыIэри. Нобэ абыхэм къызэхакIухьынущ дивизэм хэта зауэлIхэр щыщIалъхьа щIыпIэхэр, удз гъэгъахэр тралъхьэнущ, дакъикъэкIэ яхуэщыгъуэнущ, Мартыновскэ районым и цIыхубэм яIущIэнущ.

Ди республикэм и лIыкIуэхэм бысым районым хуашащ Ростов областым и бэракъыр, нэгъабэ Iуащхьэмахуэ и щыгум драхьеяуэ щытар.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м щыщIэдзауэ шыщхьэIум и 1 хъуху ди щIалэхэр зэуапIэ губгъуэм итащ лIыгъэрэ хахуагъэрэ ягъэлъагъуэу, дивизэм щыщу абы къелар мащIэ дыдэщ.

Мартыновскэ районымрэ Тэрч районымрэ зэкъуэш щIыналъэ хъуахэщ, Большая Мартыновкэ и уэрамитIым ди лIыхъужьхэм я цIэхэр зэрахьэ.

● Нобэ

## ДАХ-м ирегъэблагъэ

**2010 гъэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щагъэлъапIэ Зи хэкум къэзыгъэзэжахэм я махуэр. А махуэр 1998 гъэм шыщхьэIум и 1-м Адыгэ Республикэм щагъэувауэ щытащ.**

ШЫЩХЬЭIУМ и 1-м Дунейпсо Адыгэ Хасэм и IуэхущIапIэм щекIуэкIынущ УФ-м и хэкуэгъуу хамэ къэралхэм щыпсэухэр къэшэжынымкIэ щыIэ къэрал программэр КъБР-м и щIыналъэм зэрыщылажьэм щытепсэлъыхьыну зэIущIэ.

ЗэIущIэм хэтынущ ДАХ-м и Исполкомым, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Хэку», «Пэрыт» хасэхэм, Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуIу советым я лIыкIуэхэр, Тыркум, Сирием, Иорданием, США-м къикIыжауэ ди лъахэм щыпсэухэр.

ЗэIущIэм сыхьэт 16-м щIидзэнущ. Ар щекIуэкIынущ ДАХ-м и IуэхущIапIэу ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрамым тетым.

**ГЪУКIАКЪУЭ Идар.**

● ТхылъыщIэ

## ФIыуэ ялъэгъуа усэхэмрэ уэрэдхэмрэ

**УсакIуэ цIэрыIуэ, КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гъубжокъуэ Лиуан и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «Лиуан Губжоков: Живу для живых» зыфIаща тхылъыр иджыблагъэ дунейм къытехьащ.**




НАЛШЫК и «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм 500 и бжыгъэу къыщыдэкIа тхылъыр зыгъэхьэзырари абы пэублэ тхыгъэ хуэзыщIари филологие щIэныгъэхэм я кандидат, КъБЩIИ-м адыгэ литературэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэ Хьэвжокъуэ Людмилэщ.

Тхылъым ихуащ Гъубжокъуэ Лиуан и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теухуауэ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи ятхахэр, рецензэхэр, интервьюхэр, и усэхэр, уэрэдхэр, и благъэхэм, Iыхьлыхэм, ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм я гъусэу траха сурэтхэр. КъищынэмыщIауэ, тхылъым и кIэух напэкIуэцIхэм Тхьэгъэзит Зубер, Къагъырмэс Борис, Уэрэзей Афлик, Бемырзэ Мухьэдин, Щхьэныкъуэ Мусэбий сымэ Гъубжокъуэ Лиуан хуатха фэеплъ усэхэмрэ Хьэвжокъуэ Людмилэ и «Псалъэ жагъуэ» балладэмрэ къыщыхьащ.

Лиуан и усэхэмрэ уэрэдхэмрэ куэдым фIыуэ ялъэгъуащ. Бзэ къулейкIэ, щIэщыгъуэкIэ тха и IэдакъэщIэкIхэм щызэхэухуэнащ хэку лъагъуныгъэри, лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэри, тхыдэри. И уэрэдхэр-щэ? «Уи цIэр Мадинэ хьэмэ Маринэ?», «Лъагъуныгъэр къандесджэгукъым», «Iуащхьэмахуэ» уэрэдхэр ноби гуфIэгъуэ зэхыхьэ щIагъуэ къэмынэу утыку щагъэзащIэу зэхыбох. Гъубжокъуэ Лиуан и усэхэр школхэми еджапIэ нэхъыщхьэхэми щадж. УсакIуэр пасэу дунейм ехыжами, лъэпкъым щIэиныфI къыхуигъэнащ. Ахэр ди Iэпэгъуу лъэпкъыр дыкъэгъуэгурыкIуэху езы тхакIуэми и фэеплъыр тщIыгъунущ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

● Жэрдэм

## Тыгъэхэр къыхуащI

**«Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм электрокъэрур ятезыгуашэ компание» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм ток гуэшыпIэхэр зезыхьэ и IэщIагъэлIхэм илъэс къэс ирагъэкIуэкI зэпеуэм Лэскэн РЭС-м и лIыкIуэхэр жыджэру хэтащ.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР Iыхьитхуу зэщхьэщыхауэ щытащ. Абыхэм хыхьэрт япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр, лэжьыгъэм, IэнатIэм пыщIа хабзэхэм зэрыхащIыкIыр, я зэфIэкIыр къэгъэлъэгъуэныр, дерт зиIэ Iэмэпсымэхэр подстанцхэм щыхъуэжыныр, нэгъуэщIхэри.

Лэскэн РЭС-м и электрикхэу Гъащтэ Арсен (инженер нэхъыщхьэщ), КIэрэф Юрэ, ХьэщIэлI Марат, БищIо Алим, КъалакIуэ Юрэ, Иуан Аслъэн, Iэпекъуэ Руслан, ШэрыIужь Заур сымэ зэфIэкI лъагэ къагъэлъэгъуащ икIи зэпеуэм ещанэ увыпIэр щаубыдащ. Абыхэм щIыхь тхылъхэр, ахъшэ саугъэтхэр къыхуагъэфэщащ, унагъуэ хьэпшыпхэр тыгъэ къыхуащIащ.

**КЪУМАХУЭ ФатIимэ.**

**КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм хамэ щIыб зэпыщIэныгъэхэмкIэ и департаментым хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, Астрэхъэн, Волгоград областхэм, Къалмыкъ Республикэм, Краснодар крайм сату-экономикэ Iуэхухэмкiэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу щылажьэ БжэныкIэ Хъусен мы махуэхэм Волгоград областым щыIэщ, республикэм икIыну гупыр абы зэрыщрагъэблэгъэнум теухуа зэпсэлъэныгъэхэр иригъэкIуэкIыу.**

БЖЭНЫКIЭМ и мурадщ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Волгоград областымрэ яку дэлъ медицинэ зэпыщIэныгъэхэм нэхъ кууэ зригъэубгъуну. Апхуэдэу абы иригъэкIуэкIынущ ди медицинэ лэжьакIуэхэм Волгоград дэт кардиоцентрым, жьэжьейр щызэрахъуэкI центрым я Iэзагъэм щыхагъэхъуэну, областым и медицинэ IуэхущIапIэхэм ди цIыхухэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэжыну, ди республикэм къыщыщIагъэкI Iэмэпсымэхэмрэ хущхъуэхэмрэ абы я сымаджэщхэм хурагъашэу Iуэхур зэрызэтраухуэным теухуа зэпсэлъэныгъэхэр.

● Узыншагъэ

## Налшык - Волгоград

ЗэращIылIэну зэгурыIуэныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуащ Волгоград областым и сабийхэмрэ балигъхэмрэ республикэм и санаторэхэм, турбазэхэм зыщрагъэгъэпсэхуну кърагъэблэгъэну, апхуэдэу КъБР-м и предприятэхэм къыщIагъэкI продукцэхэр а щIыналъэм и тыкуэнхэм щащэну.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, лъэныкъуитIыр зэрызэдэлажьэ зэманым кърихубыдэу Волгоград областым ирагъэшащ республикэм и промышленнэ предприятэхэм я продукцэ зэхуэмыдэхэр. Абыхэм ящыщщ «Телемеханика» ОАО-р, «Севкаврентген-Д», «ФармаИнтернейшиналкомпани Урысей - СНГ», «Лэгъупыкъу», «Первый питейный завод», «Агро-инвест»-ООО-хэр, «ЭКОМИЛК» IуэхущIапIэр.

**КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.**

## Мы махуэхэм

**ШыщхьэIум и 1, махуэку**

● **УФ-м IэщIэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я тылым и махуэщ**
● **Инкассаторым и махуэщ**
● **1914 - 1918 гъэхэм екIуэкIа Япэ дунейпсо зауэм хэкIуэда урысей сэлэтхэм я фэеплъ махуэщ**
● **ШыщхьэIум и 1 - 7-хэр Сабий цIынэхэр анэ быдзышэкIэ гъэшхэным къыхуеджэным и дунейпсо тхьэмахуэщ**

● 1885 гъэм япэ дыдэу уэгум зиIэтащ Можайский А. Ф. ищIа кхъухьлъатэм.
● 1914 гъэм Япэ дунейпсо зауэм щIидзащ.
● 1958 гъэм «Iуащхьэмахуэ» журналым и япэ номерыр дунейм къытехьащ.
● 1967 гъэм Бахъсэнрэ Тэрчрэ къалэ хъуащ.
● ТхакIуэ **Къущхьэ СултIан** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 26-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

**ШыщхьэIум и 2, мэрем**

● **Хьэуа-Десантыдзэхэм я махуэщ**
● **Македонием и лъэпкъ махуэшхуэщ - Республикэм и махуэщ**

● 1948 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ Амурскэ областыр Хабаровскэ крайм къыхагъэкIри, РСФСР-м хэт щIыналъэ щхьэхуэ хъуащ.
● 1916 гъэм Москва АМО заводыр (иужькIэ ЗИЛ хъужар) лажьэу щаутIыпщащ.
● 1933 гъэм Беломор-Балтие кIэнауэр, километр 227-рэ зи кIыхьагъыр, ятащ.
● 1942 гъэм Налшык Дзэ Плъыжьым щхьэкIэ щагъэхьэзырат ткIуаткIуэ къауэу птулъкIэ мин 20.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 27-рэ, жэщым градус 20 - 23-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ХьэщIэм и ерыскъыр къыдокIуэ.**

